

# Travay nan Wotè: Nechèl

Ant 2015-2017, 1 lanmò sou 4 anrapò ak chit te soti apati yon nechèl.

**Si ou dwe itilize yon nechèl,  
toujou:**

- Verifye nechèl la anvan ou sèvi ak li!  
Si w wè domaj, mete sou li etikèt “pa itilize” epi mande yon lòt nechèl.
- Asire w ke nechèl ou an ap sipòte ou ak senti ou – verifye kapasite chay li sipòte.
- Mete nechèl la sou yon baz solid, ki estab.
- Kenbe twa pwen kontak ak nechèl la pou w rete ann ekilib.
- Bay nechèl la fas lè w ap deplase monte oswa desann.



**Lè w ap itilize...**

**Yon Nechèl Ekstansyon:**

- Mete nechèl la nan ang kòrèk 4:1.\*
- Tache epi fikse an sekirite anwo ak anba nechèl la, oswa itilize yon lòt travayè.
- Pwolonje nechèl la omwen 3 pye depase nivo kote ou pral monte a epi ray sou kote yo omwen 1 pye depase bawo ki anwo a.

**Yon Ti Nechèl ak Platfòm:**

- Pa janm kanpe sou mach ki pi wo a ni anwo nèt nan nechèl la.
- Toujou mete nechèl la toupre travay ou pou evite detire kò w twòp.

**PLANIFYE. BAY. FÔME**

Twa (3) etap senp pou anpeche chit yo.

**Patisipe nan kanpay la pou sispann  
chit nan konstriksyon yo!**

[www.stopconstructionfalls.com](http://www.stopconstructionfalls.com)



\*Sèvi ak aplikasyon gratis nechèl NIOSH la pou detèmine ang ki kòrèk la: <https://www.cdc.gov/niosh/topics/falls/mobileapp.html>.

Sous: The Construction Chart Book, Section 44, Chart 44c. <https://www.cpwr.com/chart-book-6th-edition-fatal-and-nonfatal-injuries-fatal-injuries-falls-lower-level-construction>.

**#StandDown4Safety**